




Pwogram Plasman English Learner Education (ELE) (Ansèyman pou Moun K ap Aprann Anglè) nan Lekòl yo.

Elèv ki nan English Learner Education (ELE) (Ansèyman pou Moun K ap Aprann Anglè) aprann menm matematik, syans ak lòt sijè ak lòt elèv yo. Nan menm moman an, yo jwenn sipò nan pale, tandè, ak ekri ann anglè. Distri w la ka gen diferan pwogram ELE ki disponib. Elèv yo aprann nan tout pwogram plasman ELE.


Sheltered English Immersion (Imèsyon nan Pwogram Anglè Pwoteje)

Pwogram Sheltered English Immersion (Imèsyon nan Pwogram Anglè Pwoteje), pwofesè yo anseye tout matyè yo ann anglè. Yo ajiste lang y ap itilize a, konsa elèv la a ap konprann epi patisipe nan leson an nan nivo anglè yo gen aktyèlman.



Dual Language Education (Edikasyon nan De (2) Lang) / Two-Way Immersion (Imèsyon nan De (2) Fason)

Nan pwogram Two-Way Immersion (Imèsyon nan De (2) Fason) ansèyman an fèt alafwa nan lang anglè ak yon lòt lang. Pa egzanp, nan lang Anglè ak Espanyòl, klas la kapab gen elèv ki pale anglè lakay ak elèv ki pale espanyòl lakay.



Transitional Bilingual Education (Ansèyman Bileng pou Tranzisyon)

Nan pwogram Transitional Bilingual Education (Ansèyman Bileng pou Tranzisyon), elèv yo itilize lang yo pale lakay yo pou ede yo aprann anglè ak lòt sijè. Pandan tan sa yo ap itilize anglè pi plis jiskaske yo pa bezwen sèvis pou Apreman nan Anglè.



Lòt Pwogram Bileng

Distri ou an ka ofri lòt kalite pwogram ki ede timoun ou an aprann anglè.

Èske tout distri nan lekòl yo ofri opsyon sa yo?

Non. Distri yo decide ki kalite pwogram pou ofri, selon bezwen ak resous nan kominote yo a.

Kisa mwen dwe fè si mwen panse pwogram ELE ki bon pou timoun mwen an pa disponib nan distri nou an?

Gade pwogram yo ofri nan distri ou a. Pale avèk pwofesè ak pèsònèl lan. Epitou, ou ka pale avèk English Learner Parent Advisory Council (ELPAC) (Konsèy Defans pou Paran Apreman Lang Anglè a) pou fè demann diferan pwogram.



Se Massachusetts Statewide Family Engagement Center (Sant pou Angajman Fanmi nan Tout Eta Massachusetts), yon pwogram ki nan Federation for Children with Special Needs (Federasyon pou timoun ki gen bezwen espesyal) ki te devlope resous sa a pou Massachusetts Department of Elementary and Secondary Education (Depatman pou Edikasyon Elemantè ak Segondè nan Massachusetts).

Èske ou genyen kesyon? Kontakte lekòl ou a: